

LIS KONTWÒL POU PWOGRAM ASISTANS POU ALE RETE LÒT KOTE

Seksyon A : Kesyon pou Depatman Timoun ak Fanmi a (Department of Children and Families) oswa Komisyon Rejyonal pou Travay la (Regional Workforce Board) reponn

Non (tanpri, ekri aklè)

Nimewo Sekirite Sosyal :

() Make youn :
Nimewo Dosye/Kategori/Sekans Dat RFA (Moun k ap Fè Aplikasyon an) Gwosè AG Moun k ap Fè Aplikasyon an/Patisipan

Seksyon B : Kesyon pou Komisyon Rejyonal pou Travay la (Regional Workforce Board) reponn

1. Kilès nan kondisyon ki pi ba la a yo ki vre pou moun nan ? (Make tout sa ki vre pou moun nan)

- Moun nan pa gen anpil chans pou li rive satisfè bezwen ekonomik li nan kominote li rete kounye a.
- Moun nan jwenn yon travay ki peye plis lajan oswa ki bay pi bon avantaj sosyal, epi ki mande pou moun nan ale rete nan yon lòt kominote (dapre definisyon RWB lokal la).
- Moun nan genyen yon rezo sipò nan fanmi l ki pral ede l kenbe travay li nan yon lòt kominote.
- Moun nan viktim vyolans anndan lakay li, epi li ta gen yon chans pou li pa viktim vyolans konsa ankò si li ale rete yon lòt kote.
- Moun nan oblije ale rete nan yon lòt kote, pou li kapab resevwa edikasyon oswa fòmasyon ki gen rapò dirèk avèk travay li oswa avèk pwomosyon nan karyè li.
- Lòt repons _____
- Okenn nan sa ki ekri pi wo la a yo pa vre pou moun nan ; li pa satisfè kondisyon pou pwogram pou ale rete yon lòt kote a.

2. Èske kominote kote moun nan pral rete a gen mwayen pou bay sèvis fanmi an pral bezwen (tankou sèvis pou okipe timoun, epi transpò) ansanm ak opòtinite pou jwenn travay ? Wi Non

REZILTA ASISTANS POU ALE RETE LÒT KOTE A

Make youn :

_____ Asistans pou ale rete lòt kote a Apwouve

_____ Asistans pou ale rete lòt kote a Refize

_____ Moun k ap Fè Aplikasyon an/Patisipan an Retire demann Asistans pou ale rete lòt kote a

_____/_____/_____

Dat li Apwouve

Dat li Retire demann nan

_____/_____/_____

_____()_____
Moun Komisyon Rejyonal pou Travay la Nonmen pou Pran Desizyon an (Tanpri, ekri aklè) Nimewo Telefòn

Seksyon C : Enfòmasyon pou moun k ap fè aplikasyon an/patisipan an ekri, si yo apwouve l pou asistans pou ale rete lòt kote

Mwen byen konprann mwen kapab resevwa _____ \$ kòm asistans pou ale rete lòt kote. Si mwen resevwa asistans pou ale rete lòt kote, mwen pa gen dwa mande pou mwen resevwa, ni kontinye resevwa lajan kach kòm asistans tanporè pandan 6 mwa, sòf si Komisyon Rejyonal pou Travay la rive wè mwen gen yon ka ijans. Mwen pral oblije remèt lajan asistans pou ale rete lòt kote a, si mwen mande lajan kach kòm asistans tanporè ankò anvan 6 mwa pase, poutèt yon ka ijans, sòf si se pou vyolans anndan lakay mwen. **Si mwen pa ale rete yon lòt kote, epi yo dekouvri te gen koken ki fèt, mwen pral oblije remèt tout lajan an, epi gen aksyon ki pral pran pou fè m peye pou avantaj sosyal yo.** Si yo apwouve m pou ale rete lòt kote, sa pa konte pou limit ki genyen sou tan pou mwen resevwa lajan kach kòm asistans. Mwen kapab kalifye pou resevwa sèvis sipò ak avantaj sosyal pou fè tranzisyon, lè mwen ale rete yon lòt kote.

Pou Moun k ap Fè Aplikasyon sèlman : Mwen byen konprann tou, si yo apwouve m pou ale rete lòt kote, m ap retire demann mwen fè pou lajan kach kòm asistans tanporè a. Si yo refize m asistans pou ale rete lòt kote, yo kapab mande m fè yon lòt aplikasyon pou lajan kach kòm asistans tanporè.

Siyati Moun k ap Fè Aplikasyon an/Patisipan an

_____/_____/_____
Dat Siyati a